



Pou Piblikasyon Imedya: 08/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE VILAJ WATKINS GLEN KÒM GAYAN 10 MILYON DOLA NAN REJYON SOUTHERN TIER LA NAN KAD DEZYÈM FAZ INISYATIV REVITALIZASYON SANT VIL LA

Eta a ap Kolabore ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Southern Tier la pou Revitalize Sant Vil Watkins Glen lan

Sa fè pati Apwòch Global Gouvènè a genyen pou l Transfòme Kominote yo pou yo Vin Tounen Katye Dinamik epi Ranfòse Ekonomi Lakal la

Sipòte “Southern Tier Soaring” ki se Plan Estratejik Rejyon an pou Devlope Ekonomi Rejyonal yo epi Kreye Nouvèl Opòtinite yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Vilaj Watkins Glen lan pral resevwa 10 milyon dola nan finansman ak investisman kòm gayan Southern Tier la nan kad dezyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la (Downtown Revitalization Initiative, DRI). Menm jan ak premye faz DRI la, yo pral chwazi yon minisipalite nan chak nan 10 rejyon devlopman ekonomik rejyonal eta a kòm gayan 10 milyon dola, sa k ap make yon lòt objektif jeneral eta genyen pou l sible 100 milyon dola nan finansman ak investisman pou ede kominote yo idantifye pwojè katalizè nan sant vil la a yo pou yo ranfòse ekonomi lokal la.

“Premye faz DRI a te pwouve li gen anpil siksè, epi lè l kontinye angaje kominote yo epi kreye nouvèl opòtinite pou biznis yo devlope, sant vil toupatou atravè New York yo pral pwospere pou anpil deseni k ap vini ankò”, **Gouvènè Cuomo te deklare.**

“Revitalizasyon k ap fèt nan Watkins Glen lan pral non sèlman ranfòse ekonomi lokal la epi ankouraje kwasans djòb, li pral ofri fanmi ki abite nan kominote a yo yon meyè kalite lavi. Mwen felisite rejyon Southern Tier la pou lòt prim DRI sa yo resevwa, epi mwen atann pou m wè rejyon sa a kontinye pran elan pou anpil jenerasyon k ap vini ankò”.

Yo te chwazi Watkins Glen kòm gayan dezyèm faz DRI la apre li te fè pwopozisyon pou revitalizasyon sant vil li a ansanm ak pwopozisyon pou revitalizasyon ki soti nan lòt kominote nan Rejyon Southern Tier la yo, yo te antre nan yon pwosesis konpetitif, ki te gen ladan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Southern Tier la (Southern Tier Regional Economic Development Council) te jije apati de uit kritè sa yo avan yo te rekòmande Watkins Glen kòm nomine pou gayan:

- Anba lavil lan ta dwe konpak, ak limitasyon ki byen defini;
- Minisipalite an, oswa zòn kaptaj anba lavil lan, tra dwe gen yon dimansyon ki sifizan pou kapab sipòte yon anba lavil dinamik pandan tout ane an.
- Anba lavil la ka kapitalize sou envestisman prive ak piblik fiti oswa anvan yo ki nan vwazinaj la ak zòn ki alantou yo;
- Ta dwe gen yon ogmantasyon nan kantite pòs travay resan oswa ki iminan, oswa ki tou pre anba lavil la ki ka atire travayè yo nan anba lavil, sipòte redevlopman epi fè kwasans dirab;
- Anba lavil la dwe se yon kominote ki vivab epi atiran pou divès popilasyon tout laj yo, ki enkli abitan aktyèl, travayè ki talantye ak milenyè yo.
- Minisipalite an ta dwe deja ap resevwa oswa posede kapasite pou kreye epi reyalize politik yo ki ap ogmante vivabilite ak kalite lavi, ki enkli itilizasyon bank tèren lokal yo, kòd repatisyon zòn modèn yo ak estanda pakin yo, konplete plan lari yo, pwojè efikasite enèjetik yo, travay vèt yo, ak devlopman ki oryante nan transpò;
- Minisipalite an ta dwe mennen yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi elaji ki ap abouti an yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis preliminè pwojè ak inisyativ ki kapab enkli nan yon plan envestisman estratejik DRI; epi
- Minisipalite an te idantifye pwojè transfòmatif yo ki pral pare pou reyalizasyon ak yon enfizyon finansman DRI yo nan premye nan de ane yo.

Viktwa Watkins Glen lan nan kad dezyèm faz DRI la bal dwa pou l resevwa 10 milyon dola nan finansman ak envestisman eta pou l revitalize katye nan sant vil li yo epi kreye kwasans alontèm. Kounye a, Watkins Glen ap rejwenn Vil Elmira a ki te gayan premye faz DRI a nan Rejyon Southern Tier la.

Gouvènè Adjwen an, Kathy Hochul te deklare, “Watkins Glen se youn nan destinasyon vedèt pou touris, lwazi ak espò nan New York epi anons jodi a pral founi mwayen pou amelyore espas sant vil vilaj la pou l kontinye kenbe menm rit la pou atraksyon ki gen renonme mondyal li yo. Redevlopman ri prensipal yo ak yon distri biznis santral kote moun ka plis mache a pye, epi ki aksesib, pral ankouraje kwasans nan kominote ti biznis ak kominote antrepreneryal nan Watkins Glen epi l ap fè sant vil la vin tounen yon sant ki favorab pou kwasans atravè tout rejyon an alavni”.

Prezidan, PDG ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky te di, “Efò gayan Watkins Glen te fè yo reprezante yon apwòch kominotè ki byen konsantre k ap rantabilize atou inik vilaj la genyen yo epi ki reprezante envestisman piblik ak prive k ap fèt nan yon fason entèlijan. Plan yo a pral kreye yon sant vil ki angaje, ki dirab tou prè bò rivaj bèl Lak Seneca a”.

Sekretè Eta New York la, Rossana Rosado, te deklare, “Finansman Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la pral ede anime sant Vil Watkins Glen lan, sa k ap ofri opòtinite pou kreyasyon djòb ak kwasans ekonomik, pandan l ap rann zòn lan pi vivab pou kenbe rezidan ki la deja yo epi atire nouvo rezidan tou. Depatman Eta pral kontinye travay depre avèk kominote toupatou atravè Eta New York la yo pou ede yo devlope kominote nan sant vil yo”.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kominote ak Kay yo nan Eta New York (New York State Homes and Community Renewal), te deklare, “Pwogram reyisi DRI Gouvènè a ap ede kominote toupatou atravè eta a yo transfòme sant vil yo pou yo vin tounen sant iben dinamik ak vivab kote Nouyòkè yo vle travay, viv ak elve fanmi yo. Avèk nouvèl faz prim sa yo, dis kominote anplis pral gen aksè a resous ak espesyalite presye eta a yo pou yo anbake sou wout anvè kwasans ak pwosperite alontèm. Nou atann pou n travay ak Vilaj Watkins Glen lan pandan y ap kreye pwòp plan direktè inik pa yo pou yon avni dirab solid”.

Senatè Tom O’Mara te deklare, “Wikenn sa se youn nan wikenn ki pi reyisi epi ki pote plis kontantman nan ane a avèk retou NASCAR la nan Watkins Glen International, epi Vilaj Watkins Glen lan ki gentan yon drapo a kawo ki make destinasyon l kòm benefisyè prim sa nan kad dezyèm faz DRI a nan rejyon Southern Tier la. Nou gen anpil rekonesans pou investisman konsiderab k ap kontinye fèt yo pou konstwi yon fondasyon ki pi solid pou avni rejyon Southern Tier la ak rejyon Finger Lakes la”.

Manm asanble Phil Palmesano te di, “Investisman konsiderab eta ap fè yo pral ede Vilaj la ak tout rès Konte Schuyler a vanse vè lavan, revitalize sant vil yo pou biznis yo, vizitè yo ansanm ak rezidan yo, epi kontinye alimante yon revitalizasyon k ap kontinye fèt atravè rejyon Southern Tier ak rejyon Finger Lakes la. Nou kontinye apresye angajman ak lidèchip Gouvènè Cuomo ak administrasyon l lan, konsèy devlopman ekonomik rejyonal nou an yo, ak anpil lòt lidè lokal ankò paske yo te pran mezi enpòtan sa yo pou lanse devlopman ekonomik ak kominotè atravè tout rejyon an deplizepli”.

Majistra Watkins Glen lan, Sam Schimizzi te di, “Gras a angajman istorik Gouvènè a pran anvè Watkins Glen lan, mwen atann pou nou gen yon sant vil byen anime, nouvo djòb pou rezidan nou yo, epi plis vizitè k ap vini nan rejyon nou an, pandan nou ap travay ansanm pou n konstwi yon kominote ki pi solid pou jenerasyon nou yo alavni. Prim 10 milyon dola a pral founi yon elan pou bezwen sant vil yo genyen pou yo redinamize ak devlope epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske l rekonèt potansyèl vilaj nou an genyen epi fè plan DRI nou an vin yon reyalite”.

Watkins Glen

Zòn yo chwazi pou fè revitalizasyon Vilaj Watkins Glen lan ap gen sant vil tradisyonèl konpak kote moun ka mache a pye ansanm ak katye rezidansyèl ak komèsyal k ap sitiye ozalantou yo. Gen plis pase 150 biznis ansanm ak yon seri pwopriyete rezidansyèl ak enstitisyon kiltirèl anndan sipèfisi ki mezire senk kilomèt kare sa a. L ap benefisyè de enstalasyon ki deja la onivo lokal yo ki gen ladan bò rivaj Lak Seneca, pak yo, wout diven yo, yon sèn atizay k ap devlope, ak kous ki gen renonme entènasyonal Watkins Glen International la, sant vil Watkins Glen lan byen pare pou moun vin fè investisman la. Kominote a pral itilize Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la pou rantabilize kòd devlopman pwogresif ak investisman ki te fèt resaman nan sikwi otomobil Watkins Glen International Race Track la pou yo kreye yon ekonomi inovatè ak pwospè.

Kounye a, Watkins Glen pral kòmanse pwosesis devlopman yon Plan Investisman Estratejik (Strategic Investment Plan) pou revitalize sant vil li a avèk jiska 300,000 dola nan fon pou planifikasyon k ap soti nan 10 milyon dola sibvansyon DRI la. Yon Komite

Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Envestisman Estratejik pou sant vil Watkins Glen lan pral egzamine atou ak opòtinite ki gen onivo lokal yo, epi idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè yo ki aliye ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon sant vil la, epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Plan Envestisman Estratejik pou Sant Watkins Glen lan, ansanm ak plan lòt nèf gayan DRI yo te devlope a yo, pral gide investisman fon sibvansyon DRI la yo k ap fèt nan pwojè revitalizasyon yo ki pral fè vanse vizyon kominote a genyen pou sant vil li a epi ki ka rantabilize ak ajoute sou investisman 10 milyon dola eta a. Plan pou dezyèm faz DRI la yo pral fin konplete nan kòmansman ane 2018 la.

Anons jodi a vin konplemanste tou pwojè “Southern Tier Soaring”, ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Eta te deja investi plis pase 3.1 milya dola nan rejyon an depi 2012 jete baz pou plan – atire fòs travay ki gen talan, devlopman biznis epi pwomouvwa inovasyon. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gran Resesyon an; taks sou revni pèsonèl ak taks sou antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Binghamton, Johnson City ak Corning kòm destinasyon pou devlope epi investi.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la, ale sou www.ny.gov/programs/downtown-revitalization-initiative.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418